




Limye Pou Lekol La

Jiyè—Out 2011

Tout Sa Kòmanse ak Karaktè Bondye

Souvan nou pale sou « Otorite Pawòl Bondye », epi nou kapab site yon lis rezon ki fè Bib la se Pawòl Bondye ki p' ap janm febli. Men, kisa ki se sèl sous otorite Bib la ki p' ap janm brannen?

Lè nou panse sou tèm *otorite Bib la*, anpil nan nou panse sou nati otorite tèks Bib la menm. Nou panse sou fason li *san defo ak sou fason* li p' ap janm febli, ki siyifi ke Bib la pa gen okenn erè ak okenn kapasite pou twonpe moun.

Baze sou konpreyansyon otorite Bib la, nou devlope konpreyansyon delivrans nou ak vrè lavi nan Kris. Nou gade monn otou nou an tou – wòch ak bagay vivan yo – nan linèt otorite Bib la, epi entèprete chak obsèvasyon nou fè apati baz sa a (omwens nou ta dwe fè sa). Men, kouman nou fè konnen ke tèks Bib la se verite tout bon ? Kote otorite li soti ?

Nou dwe kòmanse ak karaktè Bondye.

Bib la se vrèman otorite, pa paske teyolojyen ensiste sou sa, oubyen paske kritik tèks li yo bay otorite li valè, oubyen paske li pwoklame li se otorite. Bib la se vrè otorite akòz nan Sila a li soti. Li se Pawòl Bondye. Nenpòt ti tach nan karaktè Bondye ta rann li enkapab pou pwoklame yon otorite ki kòmande. Bondye se vrè sous Bib la, konsa karaktè Li detèmine kredibilite tout Liv la.

Dezyèm kesyon lojik la se : Kisa nou konnen konsènan karaktè Bondye?

KARAKTÈ KREYATÈ A. Premye pawòl Bondye pou nou se « Nan kòmansman Bondye te kreye... ». Bib la di nou tou ke lòm te kreye nan imaj Bondye. Si nou kreye nan imaj Li, nou ta sipoze pataje menm kalite ak Li, epi sa fèt reyèlman. Bondye se lamou, Li pasyan, Li bon, Li jis, Li gen mizèrikòd, Li gen gras, Li gen jwa, Li kreyatif, Li gen bon kè—Li menm jalou, Li menm kapab fè kolè—epi li la kontinye.


Nou wè kalite sa yo Bondye genyen atravè tout Bib la. Nan lòm, kalite sa yo kowonpi epi enpafè ; men nan Bondye, nou wè yo pafè epi san limit. Sa se gran diferans

ant Bondye ak lòm pechè.

Diferans sa a klarifye otorite Bondye. Pa egzanp, konsidere jalouzi. Nan lòm, jalouzi òdinèman lèd, epi li se peche paske nou chache gen kontwòl sou yon bagay ke nou pa gen dwa. Bò kote Bondye, okontrè, Li gen dwa sou nou. Jalouzi Li manifeste gran lamou Li pou pèp Li (gade Zakari 8 :1-3). Li vle sa ki pi bon pou moun Li renmen anpil yo, konsa Li jalou pou nou ba Li glwa ki montre lamou nou pou Li.

Li jalou malgre nou peche ak rejte otorite Li. Jalouzi Bondye se pati karaktè san blam Li ; sa reflète zèl Li pou mande sa ki bon ak sa ki dwat epi pou montre pwòp glwa Li. Nou kapab wè kouman nou pataje tout trè karaktè sa yo ak Bondye sèlman lè nou wè kouman yo jwenn plas nan plan pafè Li mete pou nou nan Pawòl Li.

Menm jan nou kapab wè kouman kèk nan kalite pafè Bondye konn komen nan lòm, nou kapab wè tou kalite ki etranj oubyen ki pa komen nan lòm. Si Bondye se Kreyatè epi sèl otorite, kapasite Li ta sipoze depase kreyasyon Li.



Lè nou gade grande ak mèwèy kreyasyon Li, nou sèlman etone pou pouvwa san limit Li ki te kapab kreye san Li pa t' jwenn anyen pou kòmanse.

Bib la di nou ke Bondye endepandan (Ezayi 40 :13-14). Bondye pa bezwen enstriksyon oubyen ansèyman. Pèsonn pa kapab ba Li konseman oubyen konpreyansyon ke Li pa deja genyen. Epi pèsonn pa konseye Li.

Bib la di nou ke Bondye pa chanje (Sòm 102 :26-27). Pandan chanjman tout tan fè pati lavi nou, Bondye pa chanje. Li pa janm vin gran moun, karaktè Li pa janm chanje, epi bi Li rete estab. Poutèt nati Bondye ki pa chanje, nou kapab gen konfyans nan sekirite delivrans nou.

Bib la di nou ke Bondye enfini (Revelasyon 1 :8). Pou Li san limit nan pouvwa Li, nan prezans Li ak konseman Li, sa se yon bagay ke lòm pa kapab konprann. Kòm moun limite k' ap adore yon Kreyatè ki san fen, nou kapab

sèlman kanpe nan respè pou Bondye nou an ki san limit.

Bib la di nou tou ke Bondye pa gen limit nan tan (Sòm 90:2). Bondye se yon Bondye etènèl, ki egziste pa mwayen Li menm. Bondye te toujou la epi Li va toujou la. Tan an pa limite Bondye.

Lè nou li nan Bib la epi wè karaktè ak pèfeksyon yon Bondye san limit, nou kòmanse konprann otorite absolè Li ak otorite Pawòl Li. Bondye se Bondye Bib la ak Bondye delivrans la. Li se pwen ki kòmanse otorite Bib la paske Li se Sila a ki san limit, Sila a ki te toujou la, Sila a ki gen tout kontwòl sou sa ki pase, sa ki prezan ak sa ki nan fiti. Li se sèl vrè Kreyatè vivan tout bagay. Otorite Bib la kòmanse, kontinye epi fini ak Bondye.

Se Steve Ham ki ekri atik sa a
Soti nan *Answers Magazine* Jan.- Mars. 2011
Itilize avèk pèmisyon

Fè Sa Pawòl La Mande

« Se pou nou fè tou sa pawòl la mande nou fè. Pa rete ap koute ase. Lè sa a, se pwòp tèt nou n'ap twonpe. » Jak 1v22

Yo rakonte istwa yon misyonè nan peyi Kore ke yon Koreyen natifnatal te vizite. Nonm Koreyen an te rete plis pase san senkant kilomèt distans e sa te dwe pran li kat jou pou rive kote misyonè a. Nonm Koreyen an te vini montre misyonè a ke li te aprann pa kè Mesaj sou Mòn nan e kapab resite li depi nan kòmansman rive nan finisman san fot.

Misyonè a te felisite li, e apre sa deside ke li te dwe bay nonm nan yon avètisman. Li te di nonm nan ke aprann pa kè enpòtan, men pratike ansèyman an anpil pi enpòtan. Koreyen an te souri e reponn: « Se fason sa a mwen te aprann li! »

« Mwen te eseye aprann li pa kè e li pa ta rete nan tèt mwen, » nonm nan te di. « Konsa mwen te eseye plan sa a. Mwen ta aprann yon vèsè pa kè e apre sa eseye pratike li sou yon vwazen payen. Mwen te jwenn ke apre mwen te pratike li sou li, li a toujou rete nan tèt mwen! »

Kwayan Koreyen sa te aprann yon fason ekselan pou aprann pa kè, men li te dekouvi tou sa Senyè nou an

te genyen nan lespri Li. Jezi pa t' senpleman vle nou konnen verite a, Li te vle nou viv li. Pasaj sa a nan Jak bay menm panse a. Li pa difisil pou chita nan yon sèvis legliz chak semèn e koute yon pastè esplike kijan bagay dwe ye. Li pa menm difisil pou yon pastè di kijan bagay dwe ye. Gran travay la ke Bondye mete devan nou tout se pratike ansèyman Jezi yo nan lavi nou.

Pran tan pou li ankò ansèyman fondamantal Jezi yo. Eseye pran senpleman yonn nan ansèyman sa yo avèk ou chak jou e viv li. Renmen lòt yo kapab siyifi ede vwazen ou pote bwa oubyen dlo. Renmen lènmi ou kapab siyifi fè kèk bagay charitab pou vwazen sa a ki pa janm genyen anyen bon pou di konsènan ou. Kite limyè ou briye kapab siyifi bay avèk lamou e beni moun nan vilaj ou ki kèkwa sanble dezagreyab. Pran tan jodi a pou pratike sa ou ap li nan Bib la. Aprann pa kè enpòtan anpil, men viv ansèyman Jezi yo menm pi enpòtan. Se pou Bondye beni ou pandan ou ap tounen nan monn fènwa a e briye Li Jodi a!

Sa Lekòl Nou Yo Pa Kapab Fè

Keith Kreider

Òdinèman nou pito panse sou bagay nou kapab fè pase sou bagay nou pa kapab fè. Konsantre sou sa nou pa kapab fè ta fè moun wè nou genyen yon feblès. Poutan, idantifye e asepte sa nou pa kapab fè dwe fè nou pi efikas nan bagay nou *kapab* fè. Nou kwè, pami lòt bagay, lekòl nou yo kapab ede paran nan edikasyon pitit yo, yo kapab kenbe yon anviwònman sen ki merite konfyans paran yo, yo kapab anseye etidyan bon abitud nan etid yo, yo kapab ede prepare jenn etidyan vin bon jan granmoun nan sosyete a ak nan travay wayòm Bondye a.

Kèk nan bagay lekòl nou yo pa kapab fè se paske nou menm kòm lòt nou limite. Gen lòt bagay ki pa kapab fèt paske yo pa t' fèt pou yo, se pa t' responsablite yo, e toujou gen kèk lòt bagay ki pa kapab fèt, akòz nati timoun nan. Pandan okenn efò pa fèt pou gwoupe pwen sa yo, yo tout dwe tonbe nan yonn nan twa kategori sa yo.

Lekòl kreyen pa kapab...

Ranplase fwaye a. Lekòl nou yo dwe ede paran nou yo, men lekòl la pa dwe ranplase yo. Paran sa yo ki voye tout chay edikasyon an sou zepòl lekòl la chaje lekòl la twòp ak bagay li pa t' fèt pou l' pote. Paran dwe bay fòmasyon debaz lakay tankou koutwazi, respè pou otorite, abilite pou swiv direksyon, tann yonn lòt, sans jistis, bon jan ijyèn e bon atitud anvè aprantisaj. Wete fondasyon sa a nan lekòl nou yo ta fè yo andikape, bwate. Sa pa vle di ke etidyan yo espere fòm konplètman nan abilite sosyal ak vèti moral (bon kodwit moral) yo. Lekòl egziste pou nourir e ranfòse bagay sa yo ke yo kòmanse antrene lakay. Men li pakab fè tout.

Chanje fason etidyan vin lekòl. Pwofesè yo pran yo jan yo vini, kit yo gen dout oubyen kontan, parese oubyen motive, irite oubyen poli, sal oubyen pwòp, briyan oubyen lan, fèmèn oubyen ouvè. Yo vin lekòl prèske nan menm fason yo kite lakay yo. Paran, etidyan ou yo pa tonbe nan yon vid diran setèdtan lè ou pa wè yo. Yo se moun k'ap viv, k'ap aji, k'ap panse nan lekòl la tou. Konsa pwofesè a brase yo tout ansanm, sekwe yo, e fè yon lekòl ak sa. Divèsite ki vini ak timoun anpeche lekòl la monotòn (gen yon sèl ton). Lavi a ta manke anpil epis si nou tout ta menm jan !

Pandan lekòl pa kapab chanje fason etidyan rive, li kapab enfluyans nan yon pati fason yo tounen lakay. Konsa si paran yo ak pwofesè yo rete konsyan konsènan kouman etidyan kite pòt la bò kote yo, sa kapab yon

bon echanj pou toulede ni paran ni pwofesè.

Prepare yon kourikoulòm ki konvnan pou kapasite akademik chak timoun. Sa se, dapre mwen, grasa limitasyon nou kòm lòt. Ideyalman, pwofesè a dwe fè tout efò pou konprann tout zòn yo ki merite yon atansyon espesyal. Kèk etidyan sèlman bezwen pran leson egzèsis pou metrize prensip la, pandan gen lòt ki dwe gen plis fèy egzèsis pratik. Kèk kapab prèske anseye tèt yo, pandan ke pou lòt yo ou dwe byen esplike direksyon egzèsis la pou yo. Pwofesè kèkfwa adapte yon devwa yon leson pou etidyan ki aprann pi lan an, e bay mo kwaze oubyen lòt defi egzèsis pou etidyan ki aprann pi vit la; men yo p'ap janm kapab kenbe chak moun egalman okipe, ak tout sèvo ap fonksyone nan pi wo nivo efikasite 100 pousan tan an.

Kenbe yon anviwònman san distraksyon. Papa k'ap etidye oubyen prepare yon sijè pou reyinyon lapriyè kapab òdinèman pouse yon pòt, fèmèn bwi timoun k'ap jwe, bebe k'ap kriye, oubyen lòt bwi. Men nan lekòl, nou pa gen yon ti chanm prive pou chak moun. Genyen distraksyon. Pwofesè a gen klas ak lòt klas. Kouvèti biwo fè bri, papye fè bri, etidyan touse, estènen e mache sou planche a, sonèt entèwonp, e kamyon klaksonnen. Etidyan dwe aprann etidye malgre genyen bagay k'ap fè mouvman oubyen sonnen kèk kote prèske toutan. Ak fason klas nou fonksyone nan lekòl, va gen distraksyon.

Bay etidyan tout konesans yo va bezwen nan lavi a. Jou lekòl pa long ase pou anseye tout bagay. Bi lekòl nou yo se pa sèlman boure sèvo a men se bay etidyan yo zouti yo bezwen pou fè fas ak defi pratik lavi a. Apre etidyan nou yo sòti lekòl, gran majorite bagay yo aprann va tonbe nan oubli e alalong disparèt. Men abilite pou travay ak chif, abilite pou etidye e analize, e volonte pou aplike yo dwe mache ak yo. Nan lekòl nou pa kapab espere anseye chak bagay elèv sa yo va bezwen konnen pou fonksyone nan jaden ak nan travay la. Menm teknik lekòl pwofesyonèl pa kapab fè sa. Men zouti yo genyen lè yo kite lekòl dwe ekipe yo pou fè fas ak pwoblèm yo rankontre ki gen relasyon ak travay.

Fè konpetisyon ak bezwen fizik timoun nan. Bezwen fizik timoun mande atansyon. Li dwe gen repo, nouriti, lè fre, ak rekreyasyon okazyonèl nan etid. Yon pwofesè kapab bay lè fre ak rekreyasyon ase fasilman. Men kisa pou li fè ak timoun tèt li ap sekwe akòz dòmi nan je li pandan klas la, oubyen ki vin grangou vè onzè paske li

pa t' gen ti dejene ? Nenpòt moun ki pa dòmi byen oubyen ki san enèji pa kapab bay tout randman li ta sipoze bay, e lekòl pa yon esepsyon. Lè bezwen fizik vin twò gwo, yo venk (yo konbat) abilite e menm volonte pou travay byen. Paran, mès pou konsiderasyon ou nan pwèn sa yo. Sonje tou ke se pa tout elèv fatigue ki dòmi nan lekòl, e se pa tout elèv ki grangou ki endispose. Gen lòt siy ki vini anvan sa yo. Lekòl nou pa gen distribitè ti manje.

Sipèvizite abitud devwa lakay. Lè etidyan al lakay ak leson, pwofesè a pa gen kontwòl li ankò. Li pa kapab di etidyan an kote pou fè travay li, li pa kapab mande li pou kole ladan ; e li pa kapab kontwòl kantite èd ke lòt frè oubyen paran bay. Pwofesè pa regilyèman enkyete sou kantite èdtan etidyan an resevwa lakay li, men paran dwe kenbe yon nivo kontwòl. Rele lòt etidyan yo nan telefòn pou ede pa dwe rive souvan.

Fè desizyon pi enpòtan timoun nan pou li. Pwofesè a kapab deside ki jwèt ki dwe jwe nan rekreyasyon an. Li kapab deside kisa sijè konpozisyon an va ye. Li kapab deside ki pinisyon ki dwe bay pou sèten move kondwit. Men chak timoun gen pwòp volonte pa li. Kit li asepte oubyen non chwa jwèt la, e ki atitud li pou liv gramè e

kouman reponn pou yon pinisyon, sa se chwa pèsònèl li. Kòm paran oubyen pwofesè, nou kapab montre yon timoun li antò, men nou pa kapab fè li admèt sa. Nou kapab mennen yon timoun fè bon desizyon, men nou pa kapab fè yo pou li. Christopher Dock te deklare ke « tap, matinèt oubyen rigwaz, pou sèten, se mwayen pou anpeche yon mal eklate, men yo pa mwayen pou chanje kè mekan an ». Sa mande yon pouvwa pi wo.

Reyisi san benediksyon Bondye. San benediksyon Bondye, tout enèji initil. San Senyè a, lekòl nou yo va bay sèlman espektak vid. Lè nou konsidere eskolarizasyon lekòl nan Ayiti, privilèj fonksyonman lekòl kretyen se benediksyon Bondye. Nou pa rive lwen konsa poukont nou, e sa ta yon mank rezonman pou nou eseye kontinye san benediksyon Bondye. « Si se pa Ou menm menm k'ap mache avè nou, Ou pa bezwen kite nou soti isit la » (Egzòd 33 :15).

Atik sa a soti nan *The Christian School Builder*, October 2010
Rod and Staff Publishers, Inc.
Itilize avèk pèmisyon

Lidèchip Sèvite

« Lè dis lòt disip yo tande sa, yo pa t' manke fache sou de frè yo » (Matye 20 :24)

Pandan mwen te pase de semenn avèk yon kongregasyon, wè pastè ap travay te vin yon bagay famiyè. Li te sanble ke chak fwa te genyen yon bagay ki pou fèt, li te la. Si dlo te bezwen pote soti nan sous la oubyen sab bezwen bwote soti nan rivyè a, se te pastè a ki te toujou enplike.

Se te jis yon ti legliz toupri Kafoujò nan peyi Ayiti, men se te klè ke pastè sa a te konprann konsèp lidèchip sèvite a. Mwen te sezi pandan mwen t' ap obsève lavi li; mwen te sezi, paske li te sanble genyen kalite lidèchip sa a ke nou manke anpil jodi a. Twò souvan nou konprann ke yon apèl pou lidèchip se yon apèl pou onè e pozisyon.

Disip yo te fè menm fot la. Sèl kalite wayòm yo te kapab imajine se te yonn tankou wayòm yo ki sou tè sa a. Yon kote moun ki anba òganizasyon an ap fè travay la, pandan ke moun ki antèt yo ap di moun ki anba yo sa pou yo fè.

Men Jezi te vle montre yo ke wayòm Li a totalman diferan ak wayòm lemond yo. Nan wayòm Li a moun ki

dwe onore yo se sèvite yo. Ala yon lide dwòl ! Li tankou yon wayòm tèt anba. Legliz jodi a toujou ap lite avèk konsèp sa a. Lidè yo bliye ke, lè yon moun resevwa apèl pou li yon lidè, li resevwa apèl pou yon lavi sèvis. Li resevwa apèl pou li travay avèk plis zèl pase lòt yo, pou li yon egzanp pou lòt yo san egoyis.

Li resevwa apèl pou li toujou nan lapriye e fè jèn pèsònèl pou legliz li, e pou montre yo pa mwayen egzanp li kijan pou yo viv yon lavi ki fè Bondye plezi. Bondye espere li va montre pa mwayen lavi li kijan resous tan e lajan dwe itilize. Si Bondye rele ou pou yon pozisyon lidèchip, kit se kòm yon pastè nan kongregasyon an, oubyen kòm yon pwofesè nan lekòl la, oubyen yon papa oubyen yon manman nan fwaye ou, sonje poukisa Bondye rele ou.

Jezi te egzanp pafè lidèchip. Pa t' janm genyen yon moun ki te genyen plis dwa pou komande lòt yo pou sèvi Li. Men okontrè, Li te chwazi pou dirije pa mwayen sèvi lòt moun. Pa t' janm genyen travay twò ba pou Li. Li te sipoze mete pwòp dezi chanèl Li sou kote epi viv pou lòt yo. Menm si sa te siyifi lave pye yo !